Objektif Prensipal:

Sant pou Defann Dwa Timoun nan Plymouth Countyse yon patènarya milti-disiplinè ant plizyè enstitisyon, kiangaje nan minimize twomatis timoun ak fanmi yo lè enkyetid de abi rive. Sant la kowòdoneenvestigasyon ak evalyasyonavèk konpetans medikal ak legal ke li itilize nan yon atmosfè ki nan sekirite ak koresponn ak kilti chak fanmi. Sant la kolabore nan fòmasyon ak efò nan ankèt pou anpeche abi timoun nan kominote nou an.

Kijan pou Rapòte Abi Timoun:

Si ou sispèk nenpòt ka ki gen abi seksyèl oswa fizik ak neglijans timoun ladann, rele 911 pou pote rapò li imedyatman bay depatman lapolis lokal ou, epi rele Department of Children & Families (Depatman Timoun ak Fanmi) Massachusetts la nan Liy Dirèk nan 800-792-5200.



Ki Moun Sant pou Defann Dwa nan Plymouth County Sèvi?

1. Chak ane gen apeprè 450 timoun ki enplike nan ka abi timoun nan tout Plymouth County a.
2. Abi\ timoun afekte tout gwoup rasyal, kiltirèl, ak ekonomik nan tout Plymouth County a.
3. PCCAC sèvi timoun ant laj twazan ak dizwitan yo ki rapòte akizasyon abi seksyèl, abi fizik oswa neglijans.
4. Se apèl lapolis lokal ak / oswa eta, DCF, lekòl yo, ak Kominote a ki refere timoun yo vin nan sant la.
5. Sant la bay manm fanmi ki pa ofanse asistans ki gen ladann: jesyon dosye, sèvis viktim temwen, ak referans nan rezo founisè tretman nou yo pou konsèy petèt kriz ak sipò gwoup.

CONTACT

309 Pleasant Street
Brockton, MA 02301

Tel: 508-580-3383 • Fax: 508-580-0128
Orè: Lendi – Vandredi 8:30 am – 4:30 pm

SIPÒ

PCCAC a depann sou BAMSI, sibvansyon fondasyon yo, sipò gouvènman ak sipò moun prive yo. Kontribisyon lajan ki kapab dedwi nan enpo sou revni w kapab fèt atravè BAMSI a pou Children's Advocacy Center.

AJANS AN PATENARYA YO

Ofis Plymouth County District Attorney (Distrik Atòne) a
Timothy J. Cruz

508-584-8120 — www.mass.gov/da/plymouth

508-580-8700 — www.bamsi.org

BAMSI (Brockton Area Multi-Services, Inc) se yon òganizasyon non-pwofi ki nan tout etaa ki pran angajman pou mete moun ak sèvis ansanm. Atravè yon pakèt pwogram ak sèvis BAMSI sèvi endividi ak fanmi yo pou amelyore kalite lavi yo ak sans valè pwòp tèt yo.

Plymouth County Children's Advocacy Center

Yon Patènarye ant ofis Plymouth County District Attorney (Distrik Atòne) a Timothy J. Cruz ak BAMSI

Osije de Plymouth County Children's Advocacy Center

The Plymouth County Children's Advocacy Center (PCCAC) (Sant Pou Defann Dwa Timoun) lan ofri yon apwòch konplè pou sèvi timoun ki viktim yo ak manm fanmi yo ki pa ofanse. Sant la kowòdone yon repons ekip milti-disiplinè nan yon anvironman ki zanmi timoun ak ki ankouraje sekirite, byenèt ak santé fizik. PCCAC a reyalize objektif li avèk:

- Ofri sèvis pou timoun yo ak manm fanmi yo ki pa ofanse ki gen ladan entèvyouwe lejis, defann dwa, ak referans sante mantal;
- Bay envestigasyon abi timoun yon repons milti-disiplinè;
- Ofri fòmasyon pwofesyonèl ak sèvis ki disponib nan kominote.

Timoun nan Plymouth County yo ki ant laj twazan ak dizwitan, ki se viktim abi oubyen neglijans grav resevwa sèvis ki adapte pou staj devlopman patikilyè ak kilti yo pou li kapab satisfè bezwen endividyèl chak timoun nan.

Sèvis ke Sant pou Defann Dwa Timoun nan Plymouth County Founi

Yon Etablisman Zanmi Timoun

PCCAC la sitye nan yon lakay Viktoryen ki zanmi fanmi. Kay la fèt pou fè timoun yo santi yo alèz lè y ap reyini ak manm ekip yo.

Referans pou Sante Mantal

Sant la bay referans nan divès ajans nan tout kominote-a pou konsèy espesyalize ak sèvis ki baze nan kominote pou timoun ki viktim ak manm fanmi yo ki pa ofanse.

Envestigasyon Ekip Milti-Disiplinè

Yon ekip pwofesyonèl kolabore nan ka chak fanmi ki gen ladann li: yon Asistan District Attorney, yon Envestigatè Lapolis, yon moun k ap Defann Dwa Viktim Temwen ak dèfwa yon Travayè Pwoteksyon Timoun.

Sèvis ki sansib a Kilti

Tout sèvis PCCAC yo adapte pou koresponn ak kilti chak fanmi. Sèvis yo disponib nan plizyè lang ki gen ladann Cape Verdean, Panyòl, lang siyen, ak nenpòt ke lòt lang ki ka bezwen.

Moun Ki Defann Dwa Timoun ak Sèvis Sipò pou Fanmi

Sant la bay timoun ak fanmi yo pakèt sèvis, referans pou sèvis sante mantal, sant vyolans domestik, ak sant kriz kadejak. Moun k ap Defann Dwa Viktim Temwen an bay mizajou envestigasyon, sipò, epi akonpayman nan tribinal.

Entèvyou Sèvis Lejis

Gen entèvyouvè lejis pou timoun ki antrene espesyalman k ap poze timoun kestyon sou abi yo te sibi pandan ke manm ekip yo ap obsève atravè televizyon sikui fèmen. Tout entèvyou pitit yo anrejistre sou kasèt videyo. Bi a se diminye twomatis timoun yo pa limite kantite fwa yo fè antrevi.

Egzamen Medikal

Si li nesesè, yon enfimyè Pedyat espesyalize ka fè yon egzamen abi seksyèl sou plas nan yon fason ki sansib a timoun piti ak ki p ap anvayi pou kolekte prèv ak pwoteje sante timoun nan.